



PEMERINTAH KOTA BANDUNG
DINAS PENDIDIKAN
KECAMATAN CINAMBO



SEKOLAH DASAR NEGERI 172 ANDIR KIDUL

Jl. A.H Nasution No. 38 A Kota Bandung 40612 Email: sdnandirkidul@gmail.com

NPSN : 20245439 Terakreditasi A (Unggul) 1346/BAN-SM/SK/2021 NSS : 011102126029

PENILAIAN HARIAN

TAHUN PELAJARAN 2023/2024

BAHASA SUNDA

I. Pilih jawaban anu bener !

1. Lumpatna Tarik lir ibarat ...
 - A. kuda
 - B. pasir
 - C. maung
 - D. kancil
2. Di handap ieu kalimah anu ngandung majas litotes (ngasor) nyaeta ...
 - A. Amengan atuh ka saung butut abdi !
 - B. Ieu runtah meni satumpuk gunung.
 - C. Unggal ngahurungkeun sanyo, listrik ngajepret wae.
 - D. Manehna pinter jadi bintang kelas.

Soal nomor 3-6 dumasar kana bacaan “RADÉN DÉWI SARTIKA “

RADÉN DÉWI SARTIKA

Radén Déwi Sartika téh ageung pisan jasana, hususna dina widang atikan. Anjeunna téh anu ngawitan ngadegkeun sakola kanggo kaum wanita dina taun 1904. Radén Déwi Sartika dibabarkeun di Bandung, kaping 4 Désémber 1884. Ramana téh Patih Bandung, namina Radén Ranga Sumanagara. Ari ibuna nyaéta Radén Ajeng Rajapermas.

Cita-citana tinekanan, saparantos Déwi Sartika ngalih ka Bandung. Anjeunna diwidian ngadegkeun sakola ku Bupati Bandung. Tempatna di Pendopo Kabupatén, dinamian Sakola Istri. Waktos ngawitan dibuka mah muridna mung aya 20 urang. Lami-lami teras nambahan, dugi ka teu katampung, da tempatna heureut teuing. Nya ahirna mah sakolana téh dialihkeun ka Ciguriang, namina ogé dirobih janten Sakola Kautamaan Istri. Ti harita, Déwi Sartika tiasa ngadegkeun sababaraha cabang di unggal kabupatén anu aya di Jawa Barat.

3. Cita- cita Dewi Sartika nyaéta ...
- A. Jadi guru
 - B. Jadi pangajar
 - C. Ngadegkeun sakola
 - D. Jadi pahlawan
4. Sakola istri muridna teras nambahan dugi teu katampung, ahirna Sakola Istri ngalih ka ...
- A. Ciburial
 - B. Kabupaten Bandung
 - C. Jawa Barat
 - D. Ciguriang
5. Saatos ngalih ka Ciguriang, Sakola Istri robih namina janten ...
- A. Sakola Atikan Istri
 - B. Sakola Kaum Istri
 - C. Sakola Kautamaan Istri
 - D. Sakola Para Istri

II. Pilih sababaraha jawaban anu bener !

6. Pernyataan dihandap ieu nu saluyu jeung isi teks nyaeta ...
- ☐ Radén Déwi Sartika jasa ageung pisan dina widang atikan.
 - ☐ Sakola istri sakolana teu katampung margi dibates jumlah muridna.
 - ☐ Radén Déwi Sartika diwidian ngadegkeun sakola ku Bupati Bandung.
 - ☐ Radén Déwi Sartika diwidian ngadegkeun sakola ku Gubernur Jawa Barat.
7. Gaya bahasa nu ngibaratkeun barang, sasatoan atawa tutuwuhan mibanda kalakuan saperti jelema nyaéta gaya basa...
- ☐ hiperbola
 - ☐ metafora
 - ☐ mijalma
 - ☐ personifikasi
8. Kalimah dihandap ieu nu ngandung gaya basa personifikasi nyaeta ...
- ☐ Angin ngahiliwir niup dangdaunan.
 - ☐ Lumpatna siga peucang.
 - ☐ Ucing disarada ngabagéakeun anu datang.
 - ☐ Buuk jocong siga sapu nyéré.

9. Ieu runtah meni satumpuk gunung.

Kalimah diluhur ngandung majas ...

- ☐ metapora
- ☐ hiperbola
- ☐ personifikasi
- ☐ rarahulan

10. Kalimah dihandap nu kaasup gaya basa kadalon, nyaeta ...

- ☐ Kadé bisi labuh kahandap !
- ☐ Rani pinter pisan jadi bintang kelas.
- ☐ Kuring geus balik ti Kota Kembang.
- ☐ Awak leuleus kawas kapas kaibunan

III. Pilihlah bener atanapi salah pernyataan di handap !

No	Pernyataan	Benar	Salah
11	Gaya basa nyaéta rakitan basa (kalimah) nu dipaké sangkan nimbulkeun pangaruh (éfék) anu leleb karasana ka nu maca atawa nu ngadangukeun, ku jalan ngabandingkeun hiji barang jeung barang séjénna.		
12	Gaya basa disebut ogé majas.		
13	Kade Jang bisi labuh ka handap. Kalimah diluhur kaasup gaya basa kadalon.		
14	Jangkrik ngawih tengah peuting. Kalimah diluhur kaasup gaya basa hiperbola.		
Baca teks bacaan “Lembur Kuring” “Soal nomor 15-17 dumasar teks di handap!”			
15.	Jaipongan asalna ti Jawa Barat.		

